

ZVEKUNAMATA ZUVA NEZUVA

CHINYORWA

3

Gunyana
2021

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA
KWETE KUTENGESWA
IRI BHUKU RATO BHADHARIRWA
NEYATAKABATANA NAWO SAKA
RINO GONA KUGOVERWA KWEMAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBYVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert @ BeBe
ANGEL



Become a **GoodNewsWorld** PARTNER



PARTNER NOW AND HELP SPREAD
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT www.goodnewsworld.com/partner

UEBERT & BEBE ANGEL

Uebert na BeBe Angel vashumiri veshoko raMwari vanembiri munyika dzakasiyana siyana pasi rese, uye vave nemakore akawanda vachishumira. Ndivo vakatanga kuparidza pamusoro penyasha dzakawanda dzaMwari vachishandisa chiporofita senzira yekushumira nayo, muchirongwa chinonzi (Euaggelion).Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku echitendero ananganisira rinonzi Spiritual Warfare,Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe. Uubert na BeBe Angel vanokokwa zvakare kumisangano yakakura kuti vatungamirire misangano iyi, iyo inopindwa nezviuru zvakawanda zvevanhu, apo pavanoparidzwa shoko raMwari. Sevatumgamiri nevavambi vekereke inonziGood News Church (Spirit Embassy) uye sevaporofita vakuru vaMwari, hushumiri hwavo hwashandura nokukomborera mamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, nekuti ivo vane chido chekutendeutsa vanhu kuti vade Mwari, uye vachiratidza rudo rwaMwari urwu nemabasa, muchirongwa chavo chokuparidza che (Euaggelion).

H. E. AMBASSADOR UEBERT ANGEL



ONLINE PROPHETIC SEMINAR

SEPT 29 - OCT 1

IN 3 DAYS:

- 1) LEARN TO PROPHECY ABOUT INTERNATIONAL EVENTS
- 2) LEARN TO SEE IN THE SPIRIT REALM AND AVOID THE HINDRANCES TO SEEING SPIRITUALLY
- 3) RECEIVE DIRECT IMPARTATION FOR DEEPER PROPHETIC UNCTION

SIGNUP NOW ON WWW.UEBERTANGEL.ORG

**VaHebheru 4:1**

Naizvozvo chipikirwa chokupinda muzororo rake zvachisisipo tinofanira kutya kuti zvimwe kurege kuva nomumwe wenyu uchawanikwa usingasvike ikoko.

Ukatarisa mubhaibheri unoona mavhesi akawanda anoukudza kuti "usatye." Asi vhesi redu ranhasi rinechirevo chakasiyana nemamwe mavhesi anotaura pamusoro penyaya yekutya iyi. Muvhesi iri zviru kunzi itya chimwe chinhu. Kutya kuti pamwe ungatadze kusvika ikoko. Kune chinhu chimwe chete chinogona kukutadzisa kusvika pazororo iri uye uku, kusatenda kwako. Kutadza kutenda kuti Mwari vanokuda, kunokonzeresisa kuti utadze kuvapira matambudziko ako kuti vakugadzirisire. Hurongwa hwaMwari pamusoro pako

ndehwe kuti urame hupenyu hune zororo, uye kuti uwane zororo iri unofanirwa kunge wazvipira kuti ndizvo zvawave kuita. Paunowana zororo iri, hapana chinombokunetsa. Unogona kuzorora uchiziva kuti hausisina dambudziko rauchasangana naro uri wega. Mwari vanenge vabatana newe panechese chaunenge uchisangana nacho muhupenyu hwako. Asi unematanho aunofanirwa kutorawo kuti uwane zororo iri. Tenda kuti Mwari ane hanya newe. Kana ukawirwa nedambudziko ramba kuri takura semutoro wako. Parinongouya chete dambudziko iri, ibva wariturira kuna Mwari kuburikidza nekunamata. Ndiye anogona kugadzirisira zvese zvinonetsa muhupenyu hwako. Hapana chaanotadza kugadzirisira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakabatana nemugadzirisi wematambudziko uye ndinoramba kutsitsirirwa nezviri kuitika muhupenyu hwangu. Hapana chisingazivikanwe naMwari pamusoro pezvandirikusangana nazvo muhupenyu hwangu. Mwari vanehanya neni uye vanokwanisa kugadzirisira zvese zvandinosangana nazvo vondipa zororo.

MAVHESI EKUVERENGA: 1 Petro 5:7



Mabasa EvaApostora 3:6 Asi Petro akati sirivheri nendarama handina asi chandinacho ndinoku- pa ...

Hazvisi nyore kupa chinhu chaunenge usina. Mubhuku reMabasa EvaApostora chitsauko 3, apo Petro akasangana nemurume akange ari chirema akakwanisa kuporesa murume uyu esimba raMwari rakange riri maari. Simba rekuporesa iri akkange ari wana apo ainamata. Muna Marko chitsauko 4, tinowana Ishe Jesu vari mukati medutu guru remvura asi dutu iri paraiiitika vakkange vakatozorora zvavo vakakotsira. Pavakamuka vakkanyararidza dutu iri uye simba rekunyararidza dutu vakange variwana vachinamata. Kunamata ndiyo nzvimbo yekuwana nayo simba rezvese zvaunoda muhupenyu. Haumbofa wakagona kunyararidza dutu iwepachao kana usina kudzikama. Unofanirwa kutanga wawana runyararo

usati waisa runyararo urwu muhupenyu hwako, nemunzvimbo maugere. Munyika yemweya, unowana zvaunoda kuburiidza nemashoko aunotaura. Ishe Jesu vanoti, "Rugare rwangu ndinokupai irwo." Zvichireva kuti vakapa zvavakange vainazvo, vazviwana kubva pakunamata. Basa rako iwe nder-ekugamuchira nekutenda runyararo rwaunopihwa nalshe Jesu Kristu. Iwe unobva waisawo runyararo rwalshe Jesu munharaunda yako nepanezvese zvirimuhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogamuchira runararo rwaMwari. Runyararo rwavo rwunochengetedza pfungwa dzangu kubva kupfungwa dzinoshungurudza. Ndine pfungwa dzaKristu. Nazvino pfungwa dzangu dzinezororo, handitye uye hapana chinokonzeresa kuti ndifunganye. Ndinotaura rugare kumuviri wangu, kumari dzangu, nemumhuri yangu nezita guru raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA: Johane 14:27; 2 VaKorinte 4:13

**1 Timotio 1:18**

Basa iri rakarairwa ndinokupa iro iwe Timotio mwana wangu kuti sezvazvakaporofitwa kare pamusoro pao urwe pfumo rakanaka mazviri.

Ndinoda uti uzive kuti urikugara urimuhondo. Asi hondo iyi ndeyemashoko. Wakaipa haana simba asi anemashoko chete, uye mashoko ewakaipa anogona kukundwa nemashoko emhando yepamusoro. Paunowana shoko rechiporofita richitaurwa naMwari pamusoro pehupenyu hwako unenge watambidzwa chombo chakasimba, chinoita kuti ukwanisa kuparadza chero ripi shoko rinenge rataurwa pamusoro pehupenyu hwako, newakaipa anova ndiye baba wemanyepo. Iye ndiye anokuvadzwa neshoko raMwari, iwe

haukuvadzwe nemashoko ake. Jesu akange ari shasha paushandisa chombo chechiporofita pamusoro pehupenyu hwake. Aishandisa chiporofita pese paairwisana nemuvengi uye haailbvimidza wakaipa uti amutadzise kutaura shoko pamuroro pehupenyu hwake. Mwari vane shoko ravakataura pamusoro pehupenyu hwako. Varikuti vanehurongwa hwekuti ubudirire. Shoko raMwari pamusoro pehupenyu hwako iri, ritori chombo chakasimba, zvekutoti ramba uchizvirangarira nguva dzose nekuzvita. Shoko raMwari chombo chinokunda nguva dzose.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handiurayike. Kana basa rangu risati raperakuitwa, hapana chinombondikanganisa. Ndirikubudirira mune zvese zvehupenyu hwangu, kusanganisira hutano hwangu, pfungwa dzangu, nemumari dzangu. Kugarika ndiyo nhaka yangu uye hapana chombo chandakagadzirwa chinoshanda pandiri.

MAVHESI EKUVERENGA

Muporofita Jeremiya 29:11; VaHebheru 10:7



2 VaKorinte 9:10

Zvino iye unopa mudyari mbeu nechingwa kuti zvive zvokudya, uchakupaivo mbeu dzokudyara achidziwanza nokuwedzera zvi-bereko zvokururama kwenyu

Chinhu chese chinotungamirwa nemweya kusanganisira hupenyu, mweya. Chinhu chese kusanganisira mari mweya. Vanhu vanokanganisa nekunamatira kuti vawane mari. Mari haiteerere minamoto kwete. Mari inotevedzera mitemo nemirayiro yayo yepamweya. Mutemo wepamweya wemari ndewekuti anoibata anofanirwa kuigovera. Ukatadza kuigovera Mwari haakupe mari. Kana uchitungamirwa pamweya, unoona zvinhu zvako zvese zvkichetevedzera mutemo wepamweya.

Kana uchida kuti Mwari vavimbe newe munyaya dzemari, unofanirwa kunge uri munhu anoti akawana mari anoigovera kune vamwe vanhu. Nzwisisa kuti semunhu wepamweya unemvumo yekutungamirira zvinhu zvepamweya. Mari ndicho chimwe chezvinhu zvinotungamirirwa nemunhu wemweya. Uye ibva watotanga kubvira nhasi kutonga munyaya dzemari kuburikidza nekupa mari yaunayo, pane kumirira kupihwa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutungamira munyaya dzemari mudunhu rangu. Ndirim-unhu anopa nekugovera mari. Ndinotonga munyaya dzemari mumweya, uye handimbofa ndakashaya mari.

MAVHESI EKUVERENGA

Genesesi 12:2-3; VaGaratiya 3:13-14

**Ruka 6:45**

Munhu akanaka anobudisa zvakanakka papfuma yakanaka yomwoyo wake wakaipa anobudisa zvakaipa papfuma yakaipa yomwoyo wake, nokuti muromo unoreva zvizere pamwoyo.

Ndine nyaya yandiri kuda kukuudza. Kwakange kuine dhongi rakawira mugomba. Dhongi iri raona kuti rakanga risingakwanise kubuda mugomba iri, rakatanga kuchema, asi paraichema raibva ratonyanyisa kunyura. Zvino pakaita mumwewo munhu aipfuura akaona dhongi iri akafunga kuti zvaive nani kuti aridire mavhu kuti robva rangofira mugomba iri ndokubva atanga kuri dira mavhu aye. Dhongi iri parakaona kuti rakanga rave kufushirwa rakabva ratanga kuchemesesa. Kwaperera chinguvana rakanyarara ndokubva ratanga kuzun-

za majecha aye richizvisimudza richia tsikirira kusvikira parakazobuda mugomba riye. Hupenyu hwako nhasi uno hurikuratidza mashoko akataurwa pamusoro pako kare. Mashoko akatadza kushandiswa anokonzeresa matambudziko akawanda kwauri. Zviri nani kuvamunhu wemashoko mashoma shoma pane akawandisa ayo anozokonzeresa matambudziko mune remangwana. Kana zvinhu zvachikuomera muhupenyu usachema asi shandisa mashoko kuti ushandure mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako. Kana mashoko akaipa ari ndiwo arikonzeresa matambudziko muhupenyu hwako. Zvirinani kutaura mashoko akanaka kuti apidigire mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimuvaki wezvinoitika muhupenyu hwangu uye mashoko angu ndiwo anovaka hupenyu hwangu. Ipapa pandiri kutaura ndiriku-simudzirwa ndichitoendeswa pane chimwe chikamu chehupenyu. Ndirikuona ndichisimudzirwa zvakananyanya, uye matambudziko andange ndiinawo ndiwo arikutoita kuti hupenyu hwangu husimukire. Ndirikukunda zvose zvanga zvakandimanikidza, nekuti simba rinomutsa zvakafa ririkushanda mukati mangu. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA: Zvirevo 6:2; Yakobo 3:10



Mariro AJeremia 3:22-23

Nokuda kwohunyoro hwa Jehovha tigere kupedzwa nokuti tsitsi dzake hadziperi Mangwanani zvose zvava zvitsva kutendeka kwenyu kukuru.

Pautanga kwegore rino ndakaburitsa rwiyo rwepamweya rwurimaererano nekuchengetedzwa kwako uye rwunoita kutui vatumwa vagare vakakukombereredza. Paunenge uchiteerera rwiyo urwu nharaunda yako inozara nevatumwa nehuvेषohwaMwari. Newewo unogonawo kuburitsawo nziyo dzakowo. Tinoona muimbi wemapisaremaDhavhidhi achitikurudzira kuti tinyore nziyo itsva dzinorumbidza Mwari. Zvinoreva kutui takapihwa simba racho rekugadzirira Mwari nziyo dz-eumurumbidza. Paunonyorera Mwari rwiyo usatombonyora nezvako, rwiyo ngarwuve rwaMwari chete iye mukuru, agere

pachigaro chehutsvene, mbiri yose ichienda kwaari. Bhaibheri rinotiudza kuti nyasha dzaMwari dzitsva mangwanani ega ega. Ukaita tsika yekunyorera Mwari rwiyo rwekumuratidza kumuda kwako zuva rega rega, nepamusoro penyasha dzaMwari idzi zuva rega rega, unoona kuti unenge wave nenziyo dzinokwana kuita mazana makumi matatu nemakumi matanhatu neshanu itsva gore rega rega rega. Chitanga izvezvi kuvanyorera nziyo nekuvarumbidza. Hazvina basa uti unenge uchiimba sei chaurikuda chete kuitira Mwari ruzha rwunemufaro wako pamusoro pezvavarikukuitira. Mwari vanodawo kudiwa uye kuti zvikerukire, shandisa mashoko emubhaibheri ravo wogadzira rwiyo nemashoko acho.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ini ndiri muimbi uye ndinorumbidza Mwari nguva dzose. Ndinogadzira nharaunda inoratidza rudo rwangu kunamusiki, apo ndinovada nekuvaremekedza ndichingovatenda nekuvarumbidza

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 89:1; 96:1

**VaRoma 12:2**

Musaenzaniswa nyenika ino asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa kufi muidze muzive kuda kwaMwari kwakanaka kunofadza kwakakwana.

Pane nzira irirpo yekusimudzira nayo mafungiro ako uitira kuti pfungwa dzako dzinge dzichiwirirana nemweya waMwari nguva dzose. Uu kunonzi kushandura mafungiro ako. Kana mumwe munhu akatenga imwe nzvimbo yekugara, ana zvinenge zviri munzvimbo iyi zvisingamufadze unoona akugadzira panzvimbo pachu achiisa zvaariuda kuona zviripo abvisa zvaasingade kuona. Unoona achibvisa zvese zvinenge zvakasakara oisa zviitsva zvine mhando yepamusoro. Zvese zvinenge zvichiitwa nemuridzi mutsva uyu kuitira

kuti anyatsogara panzvimbo pake patsva apa akanyatsodekara. Pawakaberekwa patsva, hupenyu hwako hwakabva kwatanga utungamirirwa nemuridzi mutsva anova ndiye Mweya Mutsvene. Mafungiro awaiita kare aabva atosiyana, nekuti pfungwa dzako dzaabva dzatotanga kutungamirirwa neshoko raMwari. Pauriunderera mberi uchitungamirirwa neshoko raMwari, pfungwa dzako dzakare dzirikushanduka uye urikuwana pfungwa dzakasimukira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pfungwa dzangu dzirikusimudzirwa neshoko raMwari. Chiye-ro changu chekufunga chava parinani uye handisisina kutya mandiri kana kuvhiringika, sezvo shoko raMwari ririkutora nzvimbo yepamusoro muhupenyu hwangu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiripi 2:5-6



1 VaKorinte 15:10

Asi nyenasha dza Mwari ndiri munhu wakadai zvino nyenasha dzake kwandiri hadzina kuva pasina asi ndakabata zvikuru kupfuura vose handzini asi inyasha dzaMwari dz-aiva neni.

Pandinoverenga shoko raMwari raita seratirirkuverenga nhasi, ndinobva ndanzwa ndichisimudzirwa zvikuru mukati memweya wangu. Tikanyatsoongorora zvirikutaurwa neshoko ranhasi, tinoona uti zvese zvirirkuitika kwatiri kushanda kwenyasha. Zvese zvauri nezvauchava kushanda kwenyasha dzaMwari, zvekutoti unotogonawo kutaura samuApostora Pawuro kuti ndiri zvandiri nyenasha dzaMwari. Ishe Jesu ndiye mukuru pane zvese. Saka uri zvauri nyenasha dzaMwari, uye

ndirikukukurudzira kuti uone kuti chokwadi ichi chanyatsopinda mauri ukanyatsochinzwisisa, woona usisina zvinokunetsa zvakare! Pawuro anoti akashanda udarika vamwe vese, asi anoti haasiriye aishanda asikuti nyasha dzaMwari dzaaiva nadzo ndidzo dzaikonzeresa kuti ashande nenzira yakadaro. O Hareruyah, saka zvinoreva kuti nyasha dzinokwanisa kundibatsira kuita basa. Ziva kuti nyasha dzirikushanda newe kubvira nhasi, uye kuti hapana chaunoita uri wega. Ibva wadaidzira kuti ndiri kushanda nyenasha pamabasa ako nepane chese chehupenyu hwa-ko uone nyasha dzichikukundira pane zvakawanda.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kutatarika kana kutambudzika! Zvese zvandinoinoti zvirikutsigirwa nyenasha dzaMwari saka ndinobudirira pane chese chandirikuita. Mbiri kuna Mwari!

MAVHESI EKUVERENGA

VaGaratiya 2:20



Nziyo 5:16 Wakanakisisa.

Waambosanganawo here nemunhu asingagone kugamuchira mashoko erumbidzo aunenge wamupa? Unoudza munhu uyu kuti zvaakapfeka zvakanaka iye obva atanga ukurondedzera kuti hembe yacho ndeyakare. Unenge warumbidza zvaari asi iye okuraidza zvimwe zvinoita kuti zvaakapfeka zvishoreke. Pamwe urimumwe wevanhu vakadaro uye kubvira nhasi ndinoda kuti usiye katsika ikako kekuzvitarisira pasi.

Bhaibheri rinotiudza kuti pfungwa dzamwari dzavainadzo pamusoro pedu dzakanaka nguva dzose. Unofanirwa kunzwisisa kuti pfungwa dzamwari dzavainadzo pamusoro pedu dzakakwirira kudarika zvatinozvifungira isu pachedu.

Nazvino ana vakati vanogara vachitfungira mifungo yepamusoro chete uye yakanaka ndiyaniko angaiwisire pasi mifungo yakadai. Shandura mafungiro aunozviita iwe pachako. Anganwa kwawakabva nezvawakaitwa wotanga utaura chete mifungo yamwari pamusoro pako. Uye uzive kuti zvese zvinofungwa nekutaurwa namwari pamusoro pako, zvakanaka.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Arimandiri mukuru naizvozvo ini ndiri mukuru. Ndiri zvandinonzi namwari ndiri uye ndakazara nehuchenjeri ndichitungamirira pabhizimusi rangu. Ndirimunhu anechiremerera uye hapana chandinoty. Zvese zvavari Mwari ndozvandiriwo!

MAVHESI EKUVERENGA: 1 Johane 4:17

**VaRoma 5:8**

Asi Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira tichiri vatadzi

Vhesi redu raNhasi ndorimwe remavhesi rinotisunungura, uye rinoratidza kuti hukama hwedu naMwari ndehwenyasha kwete mabasa akanaka atinenge takaita. Kristu akakufira urimutadzi usina kana chekuita naye. Bhaibheri rinoti wakanga urimuvengi waKristu usina hukama naye iye paakakufira. Asi iye akakuda zvakadaro akasvika pakupahupenyu hwake kwauri kuti urege kuparara, Hapana chaunofanirwa kuita kuti akude nekuti akatokuda kare. Ndidzo dzinonzi nyasha.

Unogona kunge wapererwa izvezvi nekuti urikuedza kuita mabasa ekufadza Mwari nemabasa ako aunenge uchiita. Zvakakosha kuti uzive kuti kururama kana kuita zvakanaka pamberi paMwari hazviuye nekuverenga kwao shoko raMwari, kuenda kwako kukereke kana kunamata, kana kubhadhara chegumi. Nyasha hadzinei nemabasa akanaka aunoitira Mwari kwete. Dzinounzwa nezvawakatoitirwa naJesu kare, uye idzi inha dzakanaka.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ini ndakarurama uye ndinodiwa ndirimutsvene zvakare, kwete nemabasa asi kuti ndakagamuchidzwa nyasha dzaMwari dzakanaka.

MAVHESI EKUVERENGA

VaKorose 1:20-21



2 VaKorinte 10:4-5

(Nokuti nhumbi dzedu dzokurwa hadzizi dzenyama asi dzine simba pamberi paMwari rokuputsa nhare isu tinoti fichipusa njere nezvakkwirira zvose zvinomutswa kuzorwa nokuzivaMwari tinotapa mifungo yose kuti iteerere Kristu.

Mifungo yakasimba kudarika kunyengerwa nekuti munhu anenge anyengerwa unogona kumuratidza paanenge akakanganisa womuratidza gwara chairu rekutevera zvichiva saizvozvo. Zvino kana munhu anemifungo yakasimba pamusoro pechinhu anenge atova magariro ake zveuti mifungo inonetsa kuchinja. Mifungo iyi inogona kunge ari matauriro emunhu, tsika dzake nezvimwewo zvakadaro. Ndoda kuti unzwisise kuti mashoko anotaurwa nemunhu anogona kuumba chinhu munyika yemweya.

Ndosaka fichikurudzira kuti paunongoita mifungo yakaipa chete mumusoro mako, wobva watoidzima isati yaenda kure. Kune nzira imwe chete inoshanda pakuputsa mifungo yakaipa uye iri ishoko raMwari. Unofanira kuzara neshoko raMwari mauri uye ana waaneshoko raMwari mauri, rinodzima mifungo yese yakaipa inogona kuda kuuya mupfungwa dzako. Bhaibheri rinotsanangura kudzimwa kwemifungo yakaipa ichiti uputsa njere dzakaipa, nezvakkwirira zvose zvinopikisana nekuda kwaMwari pamusoro pako. Zvinoreva kuti unenge wave pachinhano chakakwirira uye usambofa wakafunga pfungwa dzakaipa pamusoro pako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri muverengi nemutauri weshoko raMwari. Pfungwa dzangu dzakazara neshoko raMwari, uye ndinofunga mafungirwo andinoitwa naMwari pamusoro pangu. Ndigere pamwechete nalshe Jesu Kristu pamusoro muchadenga uye ndinoramba kufunga pfungwa dziri pasi pamusoro pehupenyu hwangu.

MAVHESI EKUVERENGA: VaEfeso 2:6

**Zvirevo 4:20-22**

Mwanangu teerera mashoko angu; nzeve dzako ngadzinzwe zvandinokuudza. Mashoko angu ngaarege kubva pameso pako, uachengetedze mumwoyo mako neuti anopa hupenyu kuneavo vanoawana nehutano kunyama yavo.

Shoko rechiHebheru rinoreva hutano hwaanaka rinonzi marpé, zvichireva mushonga kana kurapwa.' Shoko raMwari rinoporesa nyama yose, uye rinorapa muviri wese muati mawo neunze kwawo. Uye kubva umusoro kusvika pasi petso-ka. Ngatititoti unemurapi mukuru anoziva zvese zviri pamusoro pako nekuti muna Exodus 15, verse 26, Mwari vanoti "Ndini murapi anokurapa zvese." Zvinoreva kuti ndini ishe wako anokuporesa, Jehovha

Rapha" Rapha ivara rechi Hebheru rinoreva chiremba.'zvichireva kuti Mwari ndichiremba wako, uye mushonga waanorapa nawo, ishoko rake. Bhaibheri rinoti shoko raMwari mushonga unorapa zvirwere zvese. Hazvinei kuti kabundu karikumeso kwako kana kuti unenge waita gomarara nemuviri wako. Shoko raMwari rinokuporesa pane zvese, uye rakafanana nekunwa mapiritsi. Shoko raMwari rinonyatsoshanda kana ukariverenga nekufunga pamusoro paro. Nyatsoritaura kusvika ranyatsopinda mukatikatiki mako . Unoona kuti ukaenderera mberi uchiverenga shoko raMwari, unoona pavekutoita shanduko yakanaka pahutano hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muviri wangu uripasi peshoko raMwari. Chese chemumuviri wangu chiri kudairira kushoko raMwari ririrutaurwa pamusoro pehutano hwangu. Hupenyu huri kupinda mandiri uye rufu rwurikubva panyama yangu pachiyu hutano nehupenyu nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: VaRoma 8:11; Johane 8:31-32

**VaFiripi 4:8**

Pakupedzisira hama dzangu zvose zvazvokwadi zvose zvinokudzwa zvose zvakarurama zvose zvakachena zvose zvinodikanwa zvose zvinorumbidzwa kana kunaka kupi kana chingarumbidzwe chipi nechipi fungisisayi izvozvo.

Kana uchinge wakatarisa chivhithivhiti kwotanga kubuda zvaunenge usingadi kuona unongo chinja woisa zvaunoda kuona. Izvi ndizvo zvirikutaurwa nemuApostora Pawuro muvhesi redu ranhasi.

Sezvazvakangoitawo pachivhithivhiti pfungwa dzako dzinotambira zvakanaka, uye zvinobva mupfungwa dzakashata nepfungwa dzakanaka. Zvinenge zviri kwauri kuti uteerere kune pfungwa dzakanaka. Shoko raM-

wari rinoti funga pamusoro pezvinhu zvakanaka nguva dzose zvichireva kuti ukaona pfungwa dzacho dzisina chakanaka chadzinokupa ibva wato dzichinja. Pfungwa dzako dzakasikirwa kunzwa zvinhu zvakanaka, zvinosimudzira hupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pfungwa dzangu ndiyo nzvimbo yangu yandakapihwa naMwari yakaoshesesa pane zvese zvandinazvo muhupenyu hwangu. Mifungo yakakoshesesa uye inofunga zvinhu zvinebasa ndiyo chete inobvumidzwa mupfungwa dzangu. Pfungwa dzangu dzakakosha uye ndinofunga zvemhando yepamusoro.

MAVHESI EKUVERENGA: 1 VaKorinte 2:16



Mapisarema 16:6

**Rwodzi rwokuyera rwakandiyerera
nzvimbo dzakanaka zviokwazvo
nhaka yangu yakaisvonaka**

Kana imba ichinge ichigadzirwa, kunenyanzvi dzezekuvaka inouya yonyora pasi hurongwa hwekuti imba yacho inofanirwa kumira yakaita sei. Nyandzvi iyi inotara pasi mabudiro anozoita imba iyi uye kazhinji kacho muridzi wemba haana chaanoona pane zvinenge zvatarwa pasi izvi. Muridzi wemba anenge achiona imba yake chete mamiriro ainenge yakaita asi nyandzvi inenge ichiona mapere-ro anezenge akaita imba yacho kana ichinge yazogadzirwa.

Mwari vanehurongwa pamusoror pehupenyu hwako uye hurongwa uhwo hwakanaka. Unogona kutarisa zvakaaita hupenyu hwako izvezvi woshaya kuti panechakanakaka here chingabude pahupenyu hwako, nemamiriro aaita zvinhu kudai. Asi ndinoda kukukurudzira kuti vimba naye, anoziva pauri nekwaunofanirwa kunge uri. Shoko raMwari ndiro rinoshandiswa kuvaahupenyu hwako. Paurikuverenga shoko iri, hwaro hwepenyu hwako hurikubva hwavakika. Hupenyu hwako huriushandurwa huchiva chishamiso. Ndirikuda kukunamatira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutaura kuti paitike chinhu chinoshamisa, chikuru muhupenyu hwako, chinhu chitsva chinemafambiro matsva. Ngapa itike chimwe chinhu chinopidigura mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwako, paitike makomborero makuru asingadzokere mumashure, hurombo hupere muhupenyu hwako nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 4:15-16



Muprofita Isaya 55:1

Nhai imi mose munenyota huyai kumvura zhinji nousine mari vuyai mutenge mudye zvirokwazvo vuyai mutenge waini nomukaka musine mari pasinomutengo.

Vhesi redu ranhasi riri kutiudza kuti kuzvimbo iripo kwausingashandise mari kuti utenge zvinhu zvaunoda zvekutoti unotogona kupfuma chaiko. Chinongodiwa wauri kusatevedza zvinotwa nevamwe. Zvirevo 4, vhesi 20 inoti: "feerera mazwi angu."

Wakapihwa bhaibheri rese kuitira uti rikubatsire kurarama hupenyu hunodiwa raMwari pamusoro pako. Asi mubhaibheri iri mune mashoko akanangana nehupenyu hwako mbune. Kana uine chokwadi chaurikutsvaga

pamusoro pechimwe chinhu chaunoda utiunzwise pamusoror pachu, tsvaga chokwadi ichi mushoko raMwari. Kana irinyaya yeruponeso itasage mushoko raMwari unoona zvinhu zvave kukufambira. Chero chipi chaunoda muhupenyu hwako, unochiwana mushoko raMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA


Makomborero aMwari anoita uti ndipfume, Ndinoona nyasha dzaMwari dzichindiwandira, uye mari ichiuya wandiri yakawandisa. Ndirikusiyana nehupenyu hwakare hwekushaya nehurombo ndichigara mumakomborero.

MAVHESI EKUVERENGA

2 Timotio 2:15



BECOME A UAF PARTNER TODAY BY VISITING
WWW.UEBERTANGELFOUNDATION.ORG





VaKorose 4:2

**Tsungirirai pakunyengeterera mu-
rinde pakuri nokuvonga;**

Kana wakambotenga kana nkuchaira motokari dzemazuva ano, unoono uti dzakawanda dzacho hadzisisina makiyi semota dzakare. Motokari dzisingashandise maiyi dzinoshandisa magetsi uye iwechako kungodzvanya magetsi acho motokari yobva yatomuka woenda kwaunoda kuenda.

Munamato ndiwo magetsi anogodiwa muhupenyu hwako kuti zvinhu zvikushandire. Ukacherechedza mabhuku ango aawanda andakanyora, aripamusoro pemunamato. Unofanirwa ugara uchinamata, uye ukange uchinamata nguva dzose unoono zvinhu zvavekukufambira. Ana usinganamate unofunga kuti zvinhu hazvisisirikufamba, gamba zvinenge zvavekuda chinhu chinovifambisa kuti zviite uye zvinofambiswa nekiyi unova munamato. Naizvozvo chiita uti unge urimunhu anenge achinamata nguva dzese, unoono zvinhu zvavekushanduka zvave kukunakira. Zvakurerukira muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinokoshesa nhau yekugara ndichinamata muhupenyu hwangu. Ndinoramba ndichidyidzana naMwari kuburikidza neminamato, zvekuti ndinorarama hupenyu hwekukunda nguva dzese, ukokunounzwa neminamato yangu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa EvaApostora 6:4

**Ruka 17:1**

Zvino wakati kuvadzidzi vake; Hazvingaitiki kuti zvigumbuso zvisauya, Asi unenhamo kwaari iye wazvinouiya naye!

Mhuka inonzi chipembere imhuka inowanikwa iine marudzi akasiyan siyana, asi dzese dzine chinhu chakafanana padziri, uye ichi iganda radzo rakasimba. Zvipembere zvese zvineganda rakasimba. Ganda rechipembere chinenge chichinzi chakura rakakora kuita masendimita mashanu. Iwe semutendi unofanirwa kuvawo neganda rakasimba uye chinhu chakakosha chaunofanirwa kukunda kugona kuzvibata kana uchinge wagumburiswa nemunhu. Waaipa anoedza nepaanogona kukugumburisa uitira uti usafare, uye uti usave nerunyararo muhupenyu hwako. Asi ndinokukurudzira kuti iwe uite ganda rinenge rechipembere

kana uchinge wasangana nezvinokugumbura muhupenyu hwako. Shoko rechiGiriki rinoreva kugumburiswa rinonzi skandalon, uye rinoreva kuitwa kwechinhu chinokonzeresa kugumburwa. Unogona kunzwa vanhu vachiti anoziva chaipo pekudenha napo," zvichireva kuti munhu uyu anenge achiziva chinokugumbura. Muimbi 7, verse 21 inoti, "usateerere mashoko ese anenge achitaurwa." Ukaona pave kuitika zvinhu zvinokonzeresa kuti ugumbuke, suduruka kana kuti usazviteererer, uye ukazvinzwa siyana nazvo. Siyana nezvese zvinokonzeresa kugumbuka kwako, uitira kuti Satani asawane mukana muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndonotungamirwa namweyamutsvene. Handina chakaipa chandinotaura pamusoro pemunhu uye handina mashoko akaipa andinotaura pamusoror pemunhu. Ndinoda nekuti ndirimunhu anerudo. Ndinofamba nerudo uye rudo rwanidiinarwo rwuri pamusoro pekugumburiswa jwandingaitwe nachero upi zvake munhu.

MAVHESI EKUVERENGA: Zvirevo 10:22



1 VaKorinte 3:3

**Nokuti muchiri venyama noku-
ti zvapachinegodo pakati penyu
negaava ko hamusi venyama
muchifamba nomutowo wavanhu
here?**

Muduramazwi kune mavara anoshandiswa kuti anoreva chakati, uye mamwe mavara anoshandiswa anenge achitaura kuti chakati chinenge chakafanana nechakati, asi icho chisiri ndicho chinenge chichirehwa. Kuti ndinyatsoburitsa pachena zvendiri kureva, unoona kuti muibhambheri unoverenga kuti satani anoita seshumba. Zvinoreva kuti haisi shumba asi kuti anonyepedzera kuita seshumba. Vhesi redu ranhasi rinounza vakare mubvunzo wokuti urimunhu wenyama here uye unoramba hupenyu hwao

semunhu wenyama here" Izvi zvinobva zvakuudza chimwe chinhu nekuti mutendi anenge aberekwa patsva haafanirwe kurarama hupenyu hwake semunhu wenyama ana wepanyia. Unofanirwa kurarama hupenyu hwedenga, hwakatosiyana nehwepano pasi, neuti hausisisiri wepanyama asi kuti urimunhu wemweya. Hausisisiri panyama asiuti wave pamweya. Ndinokukurudzira kuti uite sarudzo yekuti zvinhu zviite musiyano mhupenyu hwako. Ristu kana ari mauri anoita kuti urarame hupenyu hwemhando yepamusoro uye hwakasiyana nehwepanyama.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi munhuwo zvake. Ndirichisikwa chitsva muna Kristu, uye ndinesimba kudarika satani. Ndakaberekerwa hukuru uye ndakatarisirwa kuitawo zvikuru zvinoshamisa. Ndichasiya rupawo pane inonyika ndichiifira Ishe Jesu, uye rupawo rwandichasiya pane rio pasi harwudzimike.

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 82:6; VaRoma 8:9

**Johane 8:32**

Muchaziva chokwadi, uye chokwadi chichakusunungurai.

Hupenyu hwako hunosimukira zvichien-derana neruzivo rwaunenge wawana uye zvichienderanawo nechizaruro chaunenge wawana. Ruzivo rwawaiva narwo usati wavemutendi haruwane ukuchengetedza, ana uchinge wazvarwa patsva. Munhu mutsva waunenge wave anoda kudya zvekudya zvakasiyana, chinova kuda kuziva chokwadi. Unoono panemusi-yano pakati pechowadi nezvinenge zvichiitika.

Sechisikwa chitsva, unorarama hupenyu hwako urimunyika yemweya, uye nyia yemweya iyi inotungamirirwa nechokwadi. Unogona unge wapedza

maore akawanda uchitsvaga chokwadi maringe nekuti ungararama sei munyika yenyama. Asi iye zvino yavenguva yekuti uzive kuti unorarama sei munyika yemweya, uchishandisa simba raunarara pamweya. Shoko raMwari ndiro rinokupa hwaro hwekugona kurarama hupenyu hwako pamweya munaKristu. Mushoko raMwari unosangana nemashoko anokuudza zvekuita kana uchida kuti zvinhu zvikushandire munezvakanaka. Mushoko raMwari ndimo maunosangana zvakare nechokwadi chekuti umbori ani, uye uti unokwanisa uitei semunhu wemweya, wochitanga kurarama hupenyu hwepamweya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari riri ura mandiri nenzira inoshamisa uye riri kukurisisa, richikunda zvakare. Handina kupererwa uye hazvireve kuti ndapera basa. Handimbofa ndakavhiringidzika ana kupererwa neuti ndine shoko raMwari randinoshandisa pane chero chipi zvacho chandinasangana nacho muhupenyu hwangu.

MAVHESI EKUVERENGA: 2 VaKorinte 5:17

**VaRoma 12:3**

... mumwe nomumwe nechiyero chokutenda sezvaakagoverwa naMwari.

Kutenda ndiko kunoita kuti ukwanise kuunza denga pane rinopasi. Tese takapihwa chiyero chakaringana chekutenda naMwari. Vhesi redu ranhasi ririkutiudza kuti Mwari vakapa mumwe nomumwe wedu chiyero chekutenda, zvichireva kuti kutenda kwangu hakudarike kutenda kwako. Chakakosha ndechaunozoshandisa nacho chiyero chako chekutenda.

Kutenda kunobva muruzivo rwaunowana kubva mushoko raMwari. Ukazadza mweya wako nemashoko neruzivo rwehoko raMwari, unoona kutenda kwao uchisimura. Kutenda

kunowedzerwa nekuti unenge uine shoko raMwari mukati mako. Kutenda kwakaita semhasuro, uye unofanirwa uushandisa kuitira kuti kutenda kwako kukure. Kana pachinge pauya dambudziko, dambudzio iroto harifanirwe kukuparadza, asi uti inenge yave nguva yaunenge wapihwa yekushandisa nayo kutenda kwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinekutenda kwaMwari kurikushanda mandiri. Mweya wangu waazara neshoko raMwari uye kana matambudziko avekuuya achidaidza zita rangu, kutenda kwangu ndiko unodaira. Kutenda jwangu wakakurisisa handimbofa ndakakonewa.

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 11:6



1 Johane 5:14-15

Ndiko kusatya kwatinako kwaari kuti kana tichikumbira chinhu nokuda kwake unotinzwa zvino kana tichiziva kuti unotinzwa pazvose zvatinokumbira,

Hatinamate kuti tiwane kwete. Tinonamata nekuti takatowana kare. Bhaibheri rinoti tinoziva kuti tinazvo. Kana uchinge uchinzwwa kuti wataadza unenge uine chokwadi chakazara chekuti Mwari vanenge vaona zvese zvaunenge waita. Asi paunonamata unenge usina chokwadi chekuti Mwari vanenge vachinzwa zvese zvaunenge uchida kubva kwavari. Ndinoda kuti uzive kubvira nhasi kuti Mwari vanonzwa minyengetero yese yaunoita. Ndinoda zvakare kuti uzive kuti hakuna vhesi mubhaibheri rinotaura kuti Mwari

anopindura minyengetero yako achiti kwete kana kuti imbomira, "Bhaibheri rinoti zvimbiso zva Mwari ndi hongu naAmeni. Anokupa zvido zvemwoyo wako. Dzida kutaura naMwari, Pane kuti urikunamata imboti ndiri kuda kutaura naMwari. Kunamata chinhu chaunoita nekuti unenge uchifarira kukurukura nemweya. Munamoto unofanira kunakidza kuita. Paunonamata ita sekunge urikutaura nemudikani wako, nekuti ndizvo zvaunenge uchitoita. Simudzira chido chako chekunamatam utange kunamata zvausati wamboita uone zvinoitika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino rezvakafananana naMwari ndirikusweda pedyo naMwari, mutungamiriri wehupenyu hwangu. Ndafzoka kurufu rwangu rwekutanga uye ndinonakidzwa nekupedza nguva yangu yakakwanda ndichikuruura naye. Minana inouya uye inoitika nyore kwandiri nekuti nguva yangu yakawanda ndinenge ndichitaura naMwari.

MAVHESI EKUVERENGA: VaRoma 6:12-22; Judges 14:5-6



1 Johane 1:3

Izvo zvakaonana nezvatakanzwa ndizvo zvatinokuparidzirai wo kuti nemi wo muyanane nesu kuyanana kwedu tinako nababa vomwanakomana wake Jesu Kristu.

Ndichirikurangerira apo mumwe wevaparidzi vangu aifanirwa kuenda kunoparidza shoko kune imwe nzvimbo ndokubva ashaya makiyi emotokari yake, achibva andifonera achindibvunza kwaakange ari, Ndakatarisa pamweya ndokubva ndamuudza paakange ari makiyi ake ndokubva aawana , Ndi-chibva kutaura naye ini ndakabva ndatanga kushaya wo makiyi anguwo. Vanhu vanotokatyamara kuti ndingatadze sei kushandisa chiporofita kuti ndiwane zvanguwo zvandinenge

ndashaya, kunyangwe ndichiporofita kumamirioni akawanda evanhu. Kana takutaura pamusoro pangu handigone kungozviporofita kwete, Ndinotofanirwa kushandisa kutenda kwangu kuti zvindiitire. Unoona muporofita chipo kwauri iwe. Muporofita anogona kukuudza zvekuita, asi hazvishande kana ukasashandisa kutenda kwako kuti zviite. Ndinoda uti utaure zvakataurwa nemuporofita pamusoro pehupenyu hwako. Dzokorora zvese zvakataurwa nemuporofita pamusoro pehupenyu hwako. Chishanda nemashoko akataurwa pamusoro pako uone zvi-notanga kuitika muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nyasha dzechiporofita dzirikushanda muhupenyu hwangu. Ndinokwanisa kuwana zvakavanzika zvedenga, Pandinotaura simba raMweya mutsvene riri kuburukira kwandiri uye zvinhu zvaveundifambira uye hapana muvengi anogona kundiparadza nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: VaEfeso 4:11-12

**VaHebheru 10:7**

Zvino ndikati tarirai pabhuku yakapetwa pakanyorwa zvangu uti ndiite kuda kwenyu imi Mwari.

Kune mumwemufundisi wekereke yangu, Pastor Chris, avo vaigara pane imwe nzvimbo uye mumwe musiki husiku nzvimbo yavaigara iyi, yakatanga kubvira moto. Vanhu vese vakabuditswa panze asi kwaperera chinguva zvakanekwa uti Pastor Chris vakange vasirikuonekwa kwavakange vari. Kwaperera chinguva vachitsvagwa vakangorekana vabuda muchivakwa ichi vakanyatsopfeka zvavo, pachiiita kunge pakange pasina chakange chaitika. Zvakabva zvaratidza kuti kunyangwe moto hawaikwanisa kuvahundutsa kuti vasiye hunhu hwavo.

Ukawana chizaruro hapana chinomboitika kwauri chinokuzunza kana kukuita kuti ushanduke maitiro aunoita zvinhu zvako mazuva ose, "tarirai pabhuku yakapetwa pakanyorwa zvangu uti ndiite kuda kwenyu imi Mwari." Haana kushanduka maitiro ake. Uri zvese zvaunonzi naMwari uri. Kana bhaibheri rikakuti urimupfumi, hazvinei kuti mubhanga mako munenge muchiti kudii, iwe ziva kuti urimupfumi. Ukanzi wakaporeswa ndizvozvo wakaporeswa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubva kumusoro kwangu kusvika pasi petsoa dzangu ndakaporeswa! Zvinhu zviriuwedzerwa muhupenyu hwangu uye mari irikungouya kwandiri ichibva kunzvimbo dzakasiyana siyana!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 3:8



Johane 5:5-6

Zvino waivapo mumwe munhu wakanga abatwa nokurwara kwake makore makumi matatu nemasere Jesu paakamunona akarara akaziva kuti akange avenemaore akawanda akanogimirira uporeswa akamubvunza kuti anoda kupora here?

Apo Jesu akasangana nemurume uyu akange avenemakore makumi matatu nemasere achirwara, Jesu akanga aine simba rekumuporesa ipapo ipapo asi akamubvunza kuti unoda kuporeswa here?"Unogona kuzvibvunza kuti o seiko Ishe Jesu vakabvunza mubvunzo uyu? Nekuti rufu kana hupenyu zviripamuromo Paunotaura unobuditsa mazwi anokonzeresa kusikwa kwechingu. Chinhu chese panerino pasi chirikutaura.

Muviri wako urikutaura, mari yako irikutaura uye Mwari vanodawo kuti utaure. Ukamuka pakati pehusiku taura, taura kusvikira paunozobatwa nehope. Unofanirwa kumboita husiku hwekurara uch-ingotaura kwete kunamata kwete asi kungotaura).Usataure zvakaipa kwete. Taura pamusoro pezvaurikuda kuona hupenyu hwako huri uye usataure pamusoro pezvausiri kuda kuona muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handitaure zvakaipa pamusoro pehupenyu hwangu, Ndinoshandisa muromo wangu uti nditaure zvakanaka chete pamusoror pezvandinoda uona zvichiitika muhupenyu hwangu. Hutano hwangu hwagadzirika uye ndirimupfumi, pfuma yangu ichavhundutsa vavengi vangu.

MAVHESI EKUVERENGA

Johane 6:63

**Ruka 19:13**

Aadaidza vashandi vake gumi akavapa madhineri gumi akati shandai kusvika ndadzoka.

Chese chaunoda kuti uvambe nacho bhizimusi chirimo mushoko raMwari. Shoko rekuti shandai iro ririmuvhesi redu ranhasi rinoreva kushanda kana kuita bhizimusi." Izvi hazvireve hushumiri kwete asi bhizimusi rekubhanga kana rekutengesa. Vashandi vekubhanga vanoshanda nemari yakawanda, uye nekuchengetedzwa kwayo kozoti avo vanotenga neutengesa vanoitawo bhizimusi rakawandawo. Zvinoreva kuti Mwari akatarisira kuti iwe uitewo mari woitawo profiti. Vanodawo zvakare kuti unge uchitenga nekutengesa. Unofanirwa kunge uine bhizimusi.

Hwaro hwebhizimusi rako hunowanikwa muna Genesesi 1, verse 28:

1. Ita zvibereko zvichireva kuti unofanirwa uva bechaunotengesa.
2. Wedzera. Ngazviwedzerwe zvaunotengesa.
3. Isazvimwem ugadzirire kukura.
4. Iva nehutungamirir munzvimbo yaunotengesera.

Ongorora kuti murairo wawakapihwa muna Genesesi uyu une rop-fadzo. Chiita basa rako uchiziva kuti nyasha dzekubudirira wakatodzipihwa kare naMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Bhizimusi rese randinovamba rinobudirira semuti uripahova dzemvura. Zvinhu zvangu zvese zvirikuwedzerwa uye ndiri kukura nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 13:22; Dhuteronomi 8:18



1 VaKorinte 2:12-13

Zvino isu hatina kugamuchira mweya wenyika asi mweya unobva kunaMwari kut tizive izvo zvatakan-gopuwa hedu naMwari Ndizvo zvati-notaurapo tisinga tauri namashoko atinodzidziswa nohuchenjeri hwo-munhu asi anodzidziswa nomweya tichidudzira zvinhu zvomweya ku-vanhu vomweya.

Kune mashoko epamweya anoshandiswa kutsanangura zvinhu zvepamweya, uye bhaibheri rinoti kuenzanisa zvinhu zvepamweya nezvinhu zvepamweya." Tinokurudzirwa kutaura zvinhu zvepamweya kuitira kuti zvepamweya zvinzwe zvatinenge tichitaura. Dambudziko rinovapo kana tichitaura zvepanyama isu tichireva zvinhu zvepamweya. Jesu akange asingashandise rudzi rwunonzwisika paaitaura, ndosaka aikwanisa kutaura nem-

wanasikana akange akafa achimumutsa kubva kuvakafa. Ainge achitaura nemweya paaidaro. Aitaura nemweya werufu uye mweya uyu wainzwa zvaaitaura uchimuteerera. Panosvika chimwe chikamu chemuhupenyu hwako apo zvinhu zvemweya zvinenge zvavekudairira kune zvemweya zvaunenge uchitaura. Usati wanyimwa chikwereti kubhanga, unotanga washaya mari yacho pamweya. Ukaona zvinhu zvanyanyisa kukuomera, nyaya yacho inenge yave yepamweya ichida kuti igadziriswe pamweya. Kana uchida kuti zvinhu zvikufambire tanga wataura zvaurikuda kuwona zvinhu zvacho zvichiva wochizonamata nendimi. Shandura magiya epamweya, taura nendimi, unoona zvinhu zvavekukushandira!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Moto wamweya mutsvene ngaupise chirwere chese chirimumviri wangu. Zvese ngazvitsve uita madota. Matambudziko ese arimumumhuri mangu ndirikutumira moto apere!

MAVHESI EKUVERENGA: Marko 5:40-42; Johane 6:63

**Haggai 2:8**

Sirivera nderangu goridhe nderangu, ndozvinotaurwa naJehovha wehondo.

Ndinogara ndichiti mapete aiuya kumba kwangu kuzotsanya. Ndichiri kuyeuka mugore ra2007 apo Mwari vakanditi udza mudzimai wako aregere basa, Panguva iyoyo takange fiinekereke uye zvinhu zvaida kubhadharirwa zvakanga zvakawanda. Asi Mwari vaimditi hausiriwe unobhadhara zvikwereti izvozvo, ndezvangu. Saka pese paiuya tsamba yechikwereti ndaisimudzira kunaMwari ndoti chimwe chezvikereti zvenyu chirikuda kubhadharwa chauya." Unoona ndakange ndanzwisira rimwe remavhesi anoti momba dziri pazviuru zvemakomo ndedzaMwari. Mwari ndiye muridzi

wemomwe nemakomo acho zvakare. Baba vako vekudenga vakapfuma zvekupfuma zviye izvi. Ukada kuenzanisa hupfumi hwemunhu anonzi, Jeff Bezos nehwaMwari unoona kuti haasi mupfumi kudarika Mwari. Wakaidzirwa kuva mupfumi naMwari. Kana waidzirwa hupfumi uhwu, unoona wakuita wega zvinhu zvawanga usingafungire kuti unokwanisa kuzviita.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Baba vangu vekudenga vakapfuma. Saka ini ndinoramba kubhuroka!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 50:10, 12; 2 VaKorinte 8:9

**VaEfeso 1:22-23**

Akaisa zvose pasi petsoka dzake aapa kereke iye kuti avemusoro wazvose ndiwo muviri wake kuzara kwaiye unozadzisa zvose muna vose.

Pakange painembwa nenzou. Imbwa yakati "Ini ndakaita mauta ndikabereka asi iwe nanhasi hausati wane mwana." Mhuka idzi dzakaonana zvakare kwapera chinguvana, imbwa ikataura mashoko mamwe chete iwayo. Nzou yakapindura ikati imbomira wakadaro, pandichabereka zvan-dakataura nyika ichadengenyeka, uye vanhu pavachaona mwana wangu wandichabereka vachamhanya." Izvi ndizvo zvichaita munana wako.

Usanetseke hako pamusoro pezvirikutaurwa nevanhu pamusoro pema-miriro akaita zvinhu muhupenyu hwako. Varipo vanhu vanogara vachitaura zvakaipa vasina kana chakanaka chavanombotaura kwauri pamusoror pachu. Ziva kuti wakataura chinhu chakaura. Bhaibheri rati muri vana Mwari, kubvira nhasi zvitandise saMwari, utaure saye uite saye.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kune zvakawanda zvinogona kuitwa naMwari kwandiri chero ipi hayo nguva. Pfungwa dzangu dzizere nekukunda handimbofa ndakakonewa!

MAVHESI EKUVERENGA: Zvakazarurwa 12:11



2 Petro 1:19

Vuye rine shoko rovuprofita raka-simba kwazvo ramunoita zvakanaka kana muchiritereerera rakaita somwenje unovhenekera munerima kusvikira hutonga hwatsvuka nenyamasase ichibudira mweya yenyu.

Shoko raMwari chiporofita chataapihwa naMwari. Kuyangwe pakashaya muporofita anotaura newe, Mwari vanotaura newe kuburikidza neshoko ravo. Muporofita anogona kutaura newe asi hapana anorambidza Mwari kutaura newe. Ndizvo zvinoita kuti munamato ukoshe zvikuru kwauri.

Munamato haasi munhu mumwe chete anenge achitaura asi kuti vanhu vaviriri vanenge vachikurukurirana.

Saka bhaibheri richiti namata utarisise. Zvichireva kuti wapedza kunamata teerera kuti Mwari vari kutichii nezvawataura naye pamusoro pazvo. Ukataura nendimi iye anopindurawo mumweya. Asi haumbofa wakanzwisisa zvinotaurwa naMwari kusvikira wave kuziva shoko raMwari. Mwari anogona kukupindura nekukupapa vhesi rinongouya mumweya wako. Dzimwe nguva unongoerekana wanzwa painepfungwa inenge ichiuya mumweya wako. Handisikuti unofanira kunzwa Mwari semanzwiro andinovaita semuporofita. Iwe vanzwewo nenzira yako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pese pandinonamata panekusimudzirwa kwandinoitwa mumweya wangu. Mugore rino rezvakafanana naMwari ndichawana zvikuru zvichiitika muhupenyu hwangu, zvekuti ana wakaiipa achavhunduka.

MAVHESI EKUVERENGA: Habakkuk 2:1

**Jobho 22:23-25**

Kana ukadzoka kuna wamasimba ose uchavakwa kana ukabvisa zvi-sakarurama kure nematente ako, Isa pfuma yako paguruva nendarama ye Ofiri pakati pamabwe ehova Ipapo wamasimba ose uchava pfuma yako nesirivheri inokosha kwazvo kwauri

Mari inoshandiswa sechiyero chezvaunenge wapa, uye mapiro aunoita anoratidza hudzamu hwezvaunenge wapa, kana huwandu hwezvaunenge wapa. Kupa kwaunoita kunofanirwa kutungamirwa nekuti urikupa kuzita rake kwete kuti iweuwanembiri. Ndosaka uchiona kuti haasi munhu wese anopa kunaMwari anoropafadzwa, uye kuti haasi wese anopa chegumi anoropafadzwa zvakare. Mwari havasi kutsvaga mbeu yemari kwete. Varikutsvaga zvinenge zvichibva mukati memwoyo wemunhu.

Maraki 3, vhesi 7 inoti ukadzoka kuna Mwari, iye anodzokawo kwauri. Wapabata here apa? Havana kuti kune kwavakaenda saka vavekudzoka kwete. Vari kuti kana mwoyo wako kwavari washanduka, unenge wavekupa kwavari nechido chako, zvichibva pasi pemwoyo wako. Kana mwoyo wako wavekuda zvehushe hwaMwari, Mwari ndipo pavanokurwira zvekuti nemari yako inobva yachengetedzwa. Saka unofanirwa kuitei paunopa? Shandura zvaunenge uchitarisira kubva kunaMwari. Kana uchitarisira kuti zvaunenge uchipa zvinoita kuti hushe hwaMwari huenderere mberi, unowanawo mubairo kubva kuna Mwari. Chiita kuti mwoyo wako utarise kuna Kristu. Kana mwoyo wako washanduka unoona hupfumi hwakuwandawo muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mari yandinopa kuvhangeri raMwari inobatsira kuti vanhu vakawanda vanzwe vhangeri vatendeuke vadzoke kunaMwari. Inoshanda zvakare kuendesa vhangeri kunzvimbo dzakasiyana dzenyika, uye kubatsira vanotambudzika. Mari yangu yakachengetedzwa naMwari nekuti ndinopa kuti vhangeri rienderere mberi!

MAVHESI EKUVERENGA: Maraki 3:7

**Matewu 4:4**

Asi akapindura akati kwakan-yorwa zvichinzi munhu haang-ararame nechingwa chete asi nemashoko ose anobuda mumu-romo waMwari.

SeMwana waMwari haupererwe kana wawirwa nedambudziko muhupenyu hwako. Shoko raMwari rinoita kufi ukunde zvese zvenyika ino. MuApostora Pawuro anoti shoko raMwari rinokurumidza uye rinesimba richipinza kudarika bakatwa rinocheka kaviri. Uku ndiko kutsanangurwa kunoitwa shoko raMwari. Ndosaka semwana waMwari uchifanirwa kugara urimushoko ravo nguva dzose. Asi nhasi, panezvandiri kuda kukuratidza zvinoshanda kudarika shoko raMwari rakanyorwa pasi, uye iri ishoko raMwari rinenge radudzwa nemuromo. Unoona, paunenge uchifunga pamusoro peshoko

raMwari shoko iri rinokura mukati memweya wako, panouya matambudziko muhupenyu hwako, mweya waMwari uri mauri unokwanisa kushandisa shoko iri kugadzirisa zvinenge zvichinetsa panguva iyoyo. Ndosaka vhesi redu ranhasi rati vanhu havafanirwe kurarama nechingwa chete, asi neshoko regarega rinobuda mumukanwa maMwari. Iri rinenge riri shoko rinenge rakanangana nezvinenge zvichiitika panguva iyoyo, uye rakanangana nemuridzi wedambudziko racho. Ndinoda kufi ugamuchire zvataurwa naMwari pamusoro pako, uye vati urikubudirira nhasi nezita raJesus. Kusarudzwa ndekwako! Hapana hurwere huchakwanisa kubata muviri wako. Nhasi izuva rako. Enda unokunda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimukundi akakunda vakundi. Shoko raMwari riri mumwoyo mangu nepamurowangu ririkuuta zvishamiso. Hapana chombo chandakagadzirirwa chinoshanda nekufi ari mandiri mukuru kudarika ari panyika. Nhasi izuva rangu, hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA: Ruka 4:9-12



HAVE YOU RECEIVED JESUS CHRIST YET?

WE INVITE YOU TO MAKE JESUS CHRIST
THE LORD OF YOUR LIFE BY PRAYING THIS PRAYER;

"O LORD GOD, I COME TO YOU IN THE NAME OF JESUS CHRIST. I BELIEVE WITH ALL MY HEART IN JESUS CHRIST, SON OF THE LIVING GOD. I BELIEVE HE DIED FOR ME AND GOD RAISED HIM FROM THE DEAD. I BELIEVE HE'S ALIVE TODAY. I CONFESS WITH MY MOUTH THAT JESUS CHRIST IS THE LORD OF MY LIFE FROM THIS DAY. THROUGH HIM AND IN HIS NAME, I HAVE ETERNAL LIFE; I'M BORN AGAIN. THANK YOU LORD, FOR SAVING MY SOUL! I'M NOW A CHILD OF GOD. HALLELUIAH!"

CONGRATULATIONS! YOU ARE NOW A CHILD OF GOD.

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW
AS A CHRISTIAN, PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON

UK: +44 3333 448 612

USA +1 240 781 6942

RSA +27 51 004 0209

SCRIPTURE PASSAGE FOR PROTECTION

ISAIAH 54:

14 I AM BUILD SOLID, GROUNDED IN
RIGHTEOUSNESS,
FAR FROM ANY TROUBLE—NOTHING TO
FEAR!
FAR FROM TERROR—IT WON'T EVEN COME
CLOSE!

15 IF ANYONE ATTACKS ME,
I WILL NOT THINK FOR A MOMENT THAT
GOD SENT THEM,
AND IF ANY SHOULD ATTACK ME,
NOTHING WILL COME OF IT.

16 GOD CREATED THE BLACKSMITH
WHO FIRES UP HIS FORGE
AND MAKES A WEAPON DESIGNED TO KILL.
HE ALSO CREATED THE DESTROYER—

17 BUT NO WEAPON THAT CAN HURT ME
HAS EVER BEEN FORGED.
ANYONE WHO ACCUSES ME
WILL BE DISMISSED AS A LIAR.
I AM GOD'S SERVANT SO THIS IS WHAT I CAN
EXPECT
GOD WILL SEE TO IT THAT EVERYTHING
WORKS OUT FOR THE BEST FOR ME."

THIS IS WHAT GOD SAYS TO ME AND
IT WILL NOT FAIL IN JESUS'S NAME!



The Good News World Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com